

Chanjman Adrès



Si w demenaje, li enpòtan pou w mete adrès ou ajou avèk gouvènman ameriken an.

- Si w gen yon dosye imigrasyon ankou, ou gen obligasyon legal pou mete adrès ou ajou avèk gouvènman ameriken an nan 5 oswa 10 jou apre ou fin demenaje, selon ajans ki okipe dosye w la.
- Gen anpil diferan ajans imigrasyon nan gouvènman ameriken an, sa ki gen ladan Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR): Tribinal Imigrasyon (IC) ak Konsèy Apèl pou Imigrasyon (BIA), Sèvis Sitwayènnte ak Imigrasyon Ameriken (USCIS), ak Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE). Ou ka gen diferan entèraksyon ak chak nan ajans sa yo.
- Lè w chanje adrès ou avèk ajans apwopriye yo, ou pral asire ke w resevwa dokiman enpòtan pa lapòs tankou avi pou odyans oswa entèvyou.
 - Remake: Si w chanje adrès ou avèk US Postal Service (USPS) sa pa pral chanje adrès ou avèk ajans imigrasyon ameriken yo. Wap bezwen pou mete adrès ou ajou separeman avèk USPS ansanm avèk chak ajans imigrasyon ou an kontak.

Kijan pou mwen chanje adrès mwen si mwen nan pwosedi ranvwa (Tribinal Imigrasyon oswa Komisyon Apèl pou Imigrasyon)?

- Si w nan pwosedi pou depòtasyon, ou gen obligasyon legal pou mete adrès ou ajou avèk gouvènman ameriken an nan lespas 5 jou apre ou fin demenaje.
 - Li enpòtan pou mete adrès ou ajou avèk ajans ki apwopriye yo. Ka gen konsekans si ou pa fè sa. Si ou pa parèt nan yon odyans devan yon jij imigrasyon, tribinal imigrasyon an gendwa fè odyans lan san ou epi bay yon òdonans ranvwa kont ou, sa vle di yo ka depòte w.
 - Ou dwe chanje adrès ou swa ak Tribinal Imigrasyon (IC) oswa Komisyon Apèl pou Imigrasyon (BIA) selon dosye w la. Si w pa sèten nan ki ajans dosye w la ye, ou ka tcheke sitwèb EOIR: eoir.justice.gov.
 - Pou chanje adrès ou, ou ka soumèt yon fòm chanjman adrès sou entènèt, an pèsòn, oswa pa lapòs.
 - Pou chanje adrès ou anliy ak Tribinal Imigrasyon oswa Komisyon Konsèy Apèl Imigrasyon, soumèt fòm EOIR-33/IC oswa EOIR-33/BIA nan respondentaccess.eoir.justice.gov.
 - Pou chanje adrès ou an pèsòn oswa pa lapòs, swiv enstriksyon nan paj 2 nan fòm EOIR-33.
 - Remake: Ou pral gen obligasyon tou pou voye yon kopi nan fòm chanjman adrès ou nan DHS OPLA apre enstriksyon yo sou fòm lan.
 - Ou ka jwenn tout fòm yo nan justice.gov/eoir/eoir-forms.
 - Tradiksyon yo disponib nan Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Punjabi, Panyòl, ak Ris.

REMAKE: Yo bay dokiman sa a pou rezon enfòmasyon jeneral sèlman, epi li pa konstitye konsèy legal oswa konsèy. Tout lyen sit entènèt yo ajou apati 2024.05.24 epi yo sijè pou chanje.

Kijan pou mwen chanje adrès mwen si mwen gen yon dosye avèk USCIS?

- Ou gen obligasyon legal pou chanje adrès ou avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) nan 10 jou ki vini apre demenajman w lan.
- Pou chanje adrès ou avèk USCIS, soumèt yon fòm chanjman adrès anliy oswa pa lapòs.
 - Pou chanje adrès ou sou entènèt, kreye yon kont nan myaccount.uscis.gov oswa soumèt yon fòm anliy nan [USCIS.gov/coa](https://uscis.gov/coa)
 - Pou chanje adrès ou pa lapòs, ranpli fòm AR-11, Kat Chanjman Adrès Etranje epi poste l nan adrès la yo te jwenn nan paj 2 nan fòm lan nan uscis.gov/ar-11.
 - Remake: Si ou itilize fòm sa a, ou dwe soumèt yon fòm apa pou chak manm nan fanmi an ki enkli nan aplikasyon azil ou.

Kijan pou mwen chanje adrès mwen avèk ICE?

- Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) se ajans ki fè respekte lwa imigrasyon yo.
- Gen kèk moun ki oblije enskri regilyèman avèk ICE kòm yon pati nan dosye yo, men lòt moun pa fè sa.
- Si w oblije enskri, li enpòtan pou w prezante nan randevou w ak ICE epi mete adrès ou ajou ak yon ofisye.
 - Si w rate randevou w la, sa ka konsidere kòm yon vyolasyon epi li ka gen konsekans nan dosye imigrasyon w lan.
- Si w pa sèten si w gen yon enskripsyon ak ICE, si w bezwen pran yon randevou oswa repwograme yon enskripsyon, oswa si w gen kesyon sou chanje adrès ou, ale sou ice.gov/check-in.

Kijan pou mwen chanje lokal odyans Tribinal Imigrasyon mwen an?

- Si ou pa kapab ale nan odyans ou yo paske Tribinal Imigrasyon an twò lwen, ou ka mande pou chanje lokal odyans ou yo. Pou fè sa, ou dwe soumèt yon Mosyon pou Chanje Lokal.
- Yon Mosyon pou Chanje Lokal se yon demann espesyal epi li pi konplike pase yon fòm Chanjman Adrès. Li sijere ke ou gen yon avoka ki ede ou.
- Kèk nòt enpòtan pou w sonje lè w ap soumèt yon Mosyon pou Chanje Lokal:
 - Yon Mosyon pou Chanje Lokal se yon demann apa de yon fòm Chanjman Adrès.
 - Li dwe soumèt anmenmtan ak yon fòm Chanjman Adrès.
 - Li dwe soumèt nan lang Angle.
 - Li dwe soumèt pa lapòs. Li pa ka ranpli anliy.
 - Li pa aplike otomatikman epi jij la dwe apwouve li.
 - Si yo pa apwouve Mosyon pou Chanje Lokal ou a, ou dwe toujou ale nan odyans ou a nan dat ak lokal yo bay la.
 - Ou gendwa mande tribinal la si ou kapab patisipe vityèlman, men se jij la kap deside.
- Tcheke kourye w ak sistèm tribinal imigrasyon an regilyèman nan eoir.justice.gov pou jwenn dènye enfòmasyon sou lokal tribinal ou a.

Resous

Pou jwenn plis enfòmasyon sou demenajman, Chanjman Adrès, ak Mosyon pou Chanje Lokal, Pwojè Defans pou Moun k ap Chèche Azil (ASAP) kenbe yon paj resous nan help.asylumadvocacy.org/faqs-moving-traveling

